

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kagolong jinising panaliten ingkang ngginakaken metode deskriptif. Miturut pamanggihipun Sudaryanto (1988: 62) metode deskriptif inggih menika metode ingkang ngandharaken perkawis kanthi adhedhasar kasunyatan. Metode deskriptif menika ngandharaken data menapa wontenipun. Metode deskriptif wonten panaliten menika katindakaken kanthi ngandharaken data ingkang awujud tembung-tembung saking Bausastra Jawa anggitanipun S. Prawiroatmodjo taun 1981, dipuncithak dening Gunung Agung Jakarta. Wondene Kamus Basa Bali anggitanipun panitia penyusun Kamus Basa Bali ingkang dipunpangarsani dening Drs. I Wayan Warna taun 1978 dipuncithak dening Dinas Pengajaran Propinsi Daerah Tingkat I Bali. Data tetembungan menika salajengipun dipunpadosi korespondensi-ipun.

Ancasing panaliten deskriptif inggih menika ngandharaken data kanthi akurat gayut kalihan fakta-fakta utawi data-data ingkang dipunpanggihaken wonten ing sadangunipun panaliten saking basa ingkang dados kajian-ipun (Suryabrata, 1988: 19). Wonten panaliten menika badhe kaandharaken kados pundi korespondensi swanten saha teges basa Jawi kalihan basa Bali, sarta sepinten prosentase rumaketipun antawis basa Jawi kalihan basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali kanthi 200 kosa kata dasar Morris Swadesh.

B. Data saha Sumbering Data

Data wonten panaliten menika awujud kosa kata dasar saking basa Jawi saha basa Bali. Cacahing tembung ingkang kaginakaken inggih menika 200 kosa kata dasar adhedhasar Morris Swadesh. Kosa kata dasar Morris Swadesh inggih menika tetembungan ingkang dipunginakaken kangge manggihaken korespondensi tembung antawisipun kalih basa ingkang badhe dipuntandhingaken. Kosa kata dasar menika dipunginakaken amargi ewahing tembung kasebat mbetahaken wekdal ingkang dangu.

Panaliten menika ngandharaken panaliten ingkang mendhet data saking kamus. Kangge data menika saking Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali. Bausastra Jawa menika anggitanipun S. Prawiroatmodjo ingkang irah-irahanipun Bausastra Jawa-Indonesia dipuncithak taun 1981, kacithak dening Gunung Agung Jakarta kanthi 815 kaca (jilid I saha jilid II). Salajengipun tetembungan wonten basa Bali menika adhedhasar Kamus Basa Bali-Indonesia anggitanipun panitia penyusun Kamus Basa Bali ingkang dipunpangarsani dening Drs. I Wayan Warna ingkang irah-irahanipun Kamus Bali-Indonesia taun 1978, kacithak dening Dinas Pengajaran Propinsi Daerah Tingkat I Bali kanthi 651 kaca. Kalih kamus kalawau dipunginakaken kangge dhasar panaliten amargi Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali taun cithakipun boten tebih inggih menika bedanipun namung tigang taun. Kajawi menika Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali sampun kaanggep representatif.

C. Cara Ngempalaken Data

Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten panaliten inggih menika teknik maos saha nyerat. Teknik maos inggih menika nitiki kanthi premati sedaya tetembungan basa Jawi adhedhasar Bausastra Jawa anggitanipun S. Prawiroatmodjo ingkang irah-irahanipun Bausastra Jawa-Indonesia dipuncithak taun 1981, kacithak dening Gunung Agung Jakarta kanthi 815 kaca (jilid I saha jilid II). Salajengipun tetembungan wonten basa Bali adhedhasar Kamus Basa Bali anggitanipun panitia penyusun Kamus Basa Bali ingkang dipunpangarsani dening Drs. I Wayan Warna ingkang irah-irahanipun Kamus Bali-Indonesia taun 1978, kacithak dening Dinas Pengajaran Propinsi Daerah Tingkat I Bali kanthi 651 kaca. Ingkang sepisan madosi tetembungan ingkang wonten ing Bausastra Jawa, salajengipun dipuntandhingaken kalihan tetembungan wonten ing Kamus Basa Bali. Anggenipun madosi tetembungan menika ngginakaken kosa kata dasar ingkang dipuntetepaken minangka sumber panaliten.

Salajengipun ngangge teknik nyerat, inggih menika sedaya tembung ingkang pikantuk pangaribawa saking basa Jawi salebeting Bausastra Jawa wonten ing kertu data, lajeng dipun-analisis saha dipunrembag. Wujuding kertu data wonten ing panaliten menika kadosta wonten ngandhap.

Tabel 2: Tabel Kertu Data Kekerabatan Basa Jawi saha Basa Bali Adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali

BJ : (Prawiroatmodjo, 1981) BB : (Warna, 1978)				
No.	Glos	BJ	BB	Katrangan
1.	Hujan	[udan] (P/1981/288/K2/L2)	[ujan] (W/1978/620/K1/L13)	[d] / # - # ~ [j]

Katrangan tabel:

K : kolom

L : larik

P : kamus anggitanipun S. Prawiroatmodjo

W : kamus anggitanipun Drs I Wayan Warna

D. Pirantos Panaliten

Pirantos panaliten inggih menika sarana ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data. Anggenipun ngempalaken data inggih menika kanthi cara panaliti manggihaken tembung-tembung ingkang wonten ing Bausastra Jawa kanthi njumbuhaken kalihan kosa kata dasar Morris Swadesh, salajengipun nandhingaken kalihan tembung-tembung ingkang wonten ing Kamus Basa Bali kanthi titikan tembung-tembung ingkang gadhah swanten saha teges sami. Sasampunipun dipunpanggihaken tembungipun menika berkorespondensi, lajeng distribusi fonem ingkang gadhah korespondensi menika dipunandharaken mapan wonten pundi saha dipunserat wonten ing kertu data. Pungkasan inggih menika ngetang sepinten tembung ingkang gadhah korespondensi antawis kalih basa menika. Wonten pungkasan bilih sedaya tembung sampun dipun-analisis, panaliti nglebetaken asiling saking kertu data wonten ing salebeting tabel analisis data saha ngetang sepinten

prosentase celak tebihipun sesambetan basa antawisipun basa Jawi saha basa Bali kalawau.

E. Caranipun analisis Data

Caranipun analisis data ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika:

1. ngempalaken data tembung-tembung basa Jawi wonten ing Bausastra Jawa anggitanipun S. Prawiroatmodjo ingkang irah-irahanipun Bausastra Jawa-Indonesia dipuncithak taun 1981, kacithak dening Gunung Agung Jakarta kanthi 815 kaca (jilid I saha jilid II). Tembung basa Jawi menika dipuntandhingaken kalihan tembung-tembung basa Bali wonten ing Kamus Basa Bali anggitanipun panitia penyusun Kamus Basa Bali ingkang dipunpangarsani dening Drs. I Wayan Warna ingkang irah-irahanipun Kamus Bali-Indonesia taun 1978, kacithak dening Dinas Pengajaran Daerah Tingkat I Bali kanthi 651 kaca. Anggenipun madosi tetembungan menika ngginakaken kosa kata dasar Morris Swadesh ingkang dipuntetepaken minangka sumber panaliten. Salajengipun tembung-tembung kasebat dipuntandhingaken kanthi madosi korespondensi swanten saha teges. Sanajan samangke wujudipun beda, nanging anggenipun nglesanaken sami. Bab menika katandhingaken kangge netepaken saged botenipun tembung-tembung kasebat minangka bukti kekerabatan,
2. nyerat wonten ing kertu data ingkang nyengkuyung ancasipun panaliten adhedhasar korespondensi-ipun,

3. sasampunipun rampung sedaya tembung. Salajengipun netepaken tandha + kangge tembung-tembung ingkang gadhah korespondensi antawisipun basa setunggal saha basa sanesipun, saha paring tandha – kangge tembung-tembung ingkang boten berkorespondensi. Kangge netepaken + utawi – kedah ningali kalih tembung kalawau wonten ingkang sami, mirib, utawi bedanipun,

Tuladhanipun tembung basa Jawi getih [g tIh] (Prawiroatmodjo, 1981: 142) ewah wonten basa Bali getih [g ih] (Warna, 1978: 203) saking glos ‘darah’. Tuladha kasebat nedahaken bilih kalih tembung menika wonten korespondensi-ipun inggih menika fonem /i/ kanthi lafal [I] berkorespondensi kalihan fonem /i/, saengga saged dipuntengeri tandha +. Salajengipun dhasar kangge nganalisis data wonten nginggil inggih menika ngginakaken deskriptif komparatif.

4. ngandharaken data ingkang dipuntliti wonten ing salebeting tabel analisis kados wonten ngandhap.

Tabel 3: Tabel Analisis Kekerabatan Basa Jawi saha Basa Bali Adhedhasar Kamus.

No	Glos	Fonetis Basa Jawi	Fonetis Basa Bali	Kekera batan (+/-)	Bukti Kekerabatan	Katrangan
1.	darah	[g tIh] (P/1981 /142/K 1/L8)	[g ih] (W/1978 /203/K1/ L13)	+	[I] /# – # ~ [i] ; [t] ~ []	wiwitaning wanda kaping kalih, pungkasan wanda sigeg

F. Validitas saha Reliabilitas

Panaliten menika ngginakaken validitas data kanthi cara triangulasi teori. Triangulasi teori inggih menika cara ngesahaken data kanthi ngempalaken data adhedhasar teori ingkang beda utawi nganalisis data ingkang sami kanthi teori ingkang beda (Setiyadi, 2006: 33). Tegesipun nganalisis data ingkang sami kanthi teori ingkang beda inggih menika data ingkang dipun-analisis menika ngginakaken teori langkung saking setunggal. Perkawis kasebat ancasipun supados data ingkang dipun-analisis menika langkung akurat kaleresanipun. Miturut pamanggihipun Patton (lumantar Moleong, 2011: 331) ngandharaken bilih cara menika ugi dipunwastani penjelasan banding (rival explanation).

Metode triangulasi teori wonten ing panaliten inggih menika cara nganalisis data kanthi jumbuhaken data kalihan teori. Teori ingkang dipunginakaken inggih menika teori linguistik historis komparatif. Tuladhanipun tembung bulan [r mbulan] (Prawiroatmodjo, 1981: 140) ‘bulan’ wonten ing basa Jawi kalihan tembung bulan [bulan] (Warna, 1981: 106) ‘bulan’ wonten ing basa Bali. Kalih tembung menika ketinggal bilih saking wujud beda nanging swantenipun mirib. Sanajan kalih tembung menika wujud beda nanging swantenipun mirib, miturut kaidah ewah-ewahan swanten tembung menika saged dipunwastani bilih kalih tembung menika berkorespondensi.

Gayut kalihan validitas ingkang dipunginakaken panaliten wonten ing nginggil, reliabilitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih

menika reliabilitas stabilitas. Stabilitas inggih menika nganalisis data kanthi pathokan wekdal, pathokan wekdal menika ateges asiling analisis menika ajeg bilih dipun-analisis malih wonten ing wekdal ingkang beda. Miturut Bungin (2012: 58-59) Reliabilitas menika gadhah tigang aspek inggih menika kemantapan, ketepatan utawi akurasi, saha homogenitas. Saking tigang aspek menika kaajab data ingkang sampun dipunpangguhaken ajeg.